**Nomer 6** Salasa 7 Augustus 1928 (19 Sapar 1347) **Taoen ka 5**

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon: Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Serat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaja.

Redaktoer:
SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.
LANGGANAN. 3 sasih . . . . f 1,50 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

Pangaos ADVERTENTIE:
Sakali moeat sadiadjar sakolom 30 sen paling saeutik 10 diadjar sakolom.
Dibajar ti pajoen
Langganan langkoeng mirah.

## Zonder Indie geen Volks-welvaart in Nederland.

Ieu djoed ol, pangakoean (bekentenis) hidji Walanda anoe poerah waktja balaka, teu daek ngadingding kelir, djenengan toean Mr. Guepin, voorzitter Ned. My. Nijverheid en Handel di nagri. Noeroetkeun Batav. Nieuwsb. tanggal 24 Juli '28, eta toean geus njieun biantara dina koempoelan taoenna. Demi noe djadi djedjer nja eta djoedoelna ieu karangan.

Pihartieunana saroea bae djeung katjapangan, Indië verloren, rampspoed geboren tea; nja eta kamamoeran Walanda teh tergantoeng ka tanah Indonesia madjarkeun teh.

Maksoedna eta biantara, moal djaoeh ti kieu:

„Sabagian gede Nederlanders salawasna mikir jen mageuhan tanah Indie, estoe samata mata kaperloean sabagian bae (werknemers meureun Oe. N).

Sok aja leiders noe njarita jen lamoen tanah Indie leupas teh, tangtoe djadi kaatohan pisan ka Nederlandsche arbeider, lantaran hal eta teh ngan ngoentoengkeun ka kapitalisten maloeloe.

Ieu, tjarita ieu noe sok djadi pikiran ka koering teh, sarta anoe ngadjoeroeng ka koering, pikeun nerangkeun, jen pikiran eta teh, anoe sasab sateh ditoeeun ti sasab, salah, lain kitoe.

Memang Indie perloe keur sakoeliah Nederland. Lamoen teu kitoe, hartina lesot ti oerang, tangtoe oerang sarerea tjilaka.

Tjaritaan madjarkeun hiroep oerang teu koste van oerang Indie, estoe teu bener. Anoe poegoeh mah madjoena tanah Indie teh, teges koe oerang Nederland. Euweuh oerang mah, moal bisa kitoe.

Djadi oerang bisa njeboetkeun, lamoen Indie lesot teh, lain ngan tjilaka keur Indie bae, tapi keur Holland oge.

Oepama di jeupasna oge, tangtoe karadjaan karadjaan noe sedjen moal ngantep, da pada boga kaperloean tina hasil boemi tea.

Di kamanakeun djelema anoe sakieu nambahanana (beuki lobana) lamoen oerang teu boga Indie, sabab 95% tina sakabeh pagawean tjara di Schelde, datangna ti titahan Indie.

Tjoba tilik roepa roepa Mij., tjara Stoomvaart Mij. Ned., Rotterd. Lloyd, sabaraha merena pagawean. Koninkelijke Paketvaart Mij ngaloearkeunana dina taoen 1927 aja 15 joeta. Sabaraha insinjeers djeung koeli anoe hiroep ti dinja.

Sanggeusna nataan roepa roepa kaloearan teu voordeele van Holland, tjara Kon. Mij. petroleum koelina 40000 priboemi, 2000 Europeanen, anoe sakali pesen barang ka oerang nepi ka 19 joetaeun enz. enz., toeloej mapaj mapaj kaajaan noe karoeli. Tjatjakan moen euweuh Indie mah moal loba pakoelian kitoe, saperti di kantor kantor (pabrik) noe nampa bako, teh, copra, kopi djst.

Ka Amsterdam rabo-l oerang asing noe daratang balandja, lantaran ieu tempat Centrum hasil Indie.

Tah eta kabeh, lain goena werkgevers woengkoel, atawa werknemers woengkoel, tapi goena sakoeriling boengking tanah Nederland. Anoe matak . . . ., saha saha noe lalamoenan ngaleupaskeun Indie, sakoea noe djeung njilakakeun sorangan.

Koe sabab eta, djadi wadjib oerang sarerea, pikeun kaperloean nagri Walanda, anak intjoe oerang, kitoe deui Indie (j a k t o s ? Oe. N), koedoe digawe saenja enjana." (N g e u k e u w e u k I n d i e m e u r e u n ! Oe. N.),

Lamoen teu salah, sapandjang koering sok daek matja soerat kabar, asa kakara manggih hidji asing anoe waktja balaka tjaritana, teu aja pisan anoe dikemoe, teu aja noe didingding kelir, broek brak.

Oepama oerang ngadenge noe kieu tjaritana mah, atoh atoh aja . . . . . seuneul seueul aja. Ari atohna bet koe narimakeun kana amai paksana tanah oerang, da ari kaloloeaanana lagoena tjarita mah, geus djadi senen palemekan pisan paribasa rek m e l a k a k b e s c h a v i n g, r e k n o e n g t o e l, r e k m a p a t a h a n, r e k k i t o e, r e k k i e u, tjara noe beuneuh. Boekti geuning djeroanana mah, nja kitoe tea bae, sapanjangka tea. Oerang sarerea, tangtoe lain koering bae, sangka djeung hajang tjarita mah ti bareto, malah ti baheula hajang ngepokkeun, orokaja letahna gede teuing, nepi ka heurin.

Ajeuna . . . . . tjenah kitoe, atoeh neuleuh bener nja koedoe kitoe narimakeun, oelah ngagedekeun api api, djeung djiga noe teu boetoeh.

Sakoer noe ditataan koe Mr. Guepin oge saenjana mah henteu komplit kabeh, kakara njaritakeun hasil keur noe aja di nagri bae, tapi oentoeng anoe diadoe mah teu atjan kakotjap. Koe sarerea oge geus kadjeueung, jen ± 99% oerang nagri noe aja di dieu pinanggih djeung soeka moelja, loetak lihoek, hedjo lemeok. Anoe ti ditoena kekerehet tjara oerang, datang ka dieu mah — tjek noe njarita —, 'n h e e l e m e n e e r at. 'n h e e l e m e v r o u w. Boh koe koeli, boh koe tani, djadi djatnika loba kaboga; djoeuti ngalindih djati.

Lamoen koeli atoeh ngaratoes ngarewoe, lamoen tani modal keti modal laksa, djaba ari noe ngajoeta mah.

Koemaha ari oerang? Babakoena kabagian kageleng moelna, loba poerah nadah: peredomna, tintjak tedjong, sepak tjabok djeung tampiling.

Tadi tjeuk koering, seueul seueul aja geuning. Pang seueul teh, lain koe sabab koe pada njoro njoro teuing (kitoe kitoe ongkoh ketab), eta . . . . . koe nilik nilik diri, naha bet ngan batoer woengkoel noe moelja djatnika teh, ari oerang mah beunang diseboet k e b o d j e n g k e n g n a maloeloe.

Ari koe kahajang, satadina, hajang pada bareng, sabagdja satjilaka, moen oentoeng pada oentoeng, moen roegi pada roegi. Demi oerang tida taoe oentoeng, ti baheula ngan semet tiap teu kalempohan, bagian noe gede mah.

Koe rasa kieu teh, teu matak heran lamoen oerang boga rasa seueul djeung harendeg.

Ngan hanteu okaja kanaboek koe hawa napsoe manoesa anoe koerang sehat mah, geus djadi ilahar pisan, hajang sorangan; kadjeun batoer nipoeh, asal aing ngahonang - ngabeuing, saperti kaajaan oerang ajeuna.

Oepama noeroet oewet kamanoesaan mah, saha saha djelema noe geus narimakeun kana kahadean deungeun, djadi wadjib kana moelang tarimana. Ari eta . . . , pikeun noe teu narima narimakeun atjan koe oerang koedoe dianggap sato, sabab ngan hewan anoe boga sipat kitoe mah, anoe euweuh kadjelemaanana.

Lamoen kaom batoer hajang langgeng, hajang dengdeng dina eta kamoeljaan, atoeh oelah makeé taladjak anoe ajeuna noe keur dipilampah tea, tjara noe boga bakat hawek, tapi koedoe adil sili eledan. Ari sababna, koedoe inget dina kaajaan alam doenja, aja soeka, aja dueka, aja bagdja aja tjilaka, saniskara sipat para angger.

Demi djalanna moelang tarima mah, teu koedoe ditjaritakeun, naon naon petaning anoe matak njenangkeun, ngamoeljakeun, ngamerdikakeun ka oerang priboemi, eta disebutna moelang tarima.

Sabalikna, peta noe matak seueul, noe matak teu madoe ka oerang priboemi, teu ngaenggap ngaranakeun djeung bangsana, eta hartina lain moelang tarima, tapi ngadengkek anoe boga hak.

Djalan kieu, geus lain taktik djaman kiwari, djaman Mathijsen geus boga rasa kamanoesaan, taja petana beres, taja petana rapih tapi salawasna djadi papatjal papaseaan. Sakoerang koerangna anoe matak rapih teh, lamoen njokot djalanna bangsa koe andjeun, njaeta djalan N. I. V. B. noe leuwih hade ti eta, njaeta djalan S. D. A. P. di Nagri, I. S. D. P. di oerang. Oetamana pisan noeroet kana tjieukan oerang priboemi pisan, kalawan manh roepa roepa perdjangdjian anoe [illegible] ngadjiret ka priboemina.

Koe aja atawa maraos ieu artikel dina Sip.. meureun tangtoe djadi ngarti ka sarerea kudoe koemaha oerang nja tarekah kalawan djalan kasalametan, sangkan hasil anoe balaksa, baketi, bajoeta teh, oelah beak teuing koe batoer, bangsa djeung lemah tjai sorangan sing loba katjeretanana.

Poegoeh ari oerang keur aja dina t e u d a j a t e u o e p a j a t e a o n a m a n, tapi soegan ari pada ngarerejang mah sasieureun sabeunjeureun ngoedag kana s e l f h e l p djeung **autoactiviteit** tea pirakoe awal ahir teu laksana, tapi patjoean oelah ngan semet hajangna bae, sarat koedoe djeung prakna dipilampah.

**Oe. N.**

## Volksraad.

Kalawan asmana pagoejoeban „Pasoendan", djrg. O. Soebrata, dina koempoelan tanggal 15 boelan Juli 1928, nganoehoenkeun ka Pamarentah djeung ka Dep. O en E, lantaran Mulo di Tasikmalaja meunang soepsidi, sarta geus bisa diboeka dina tanggal 29 Juni 1928, koe ditoeloengna Dep. O. en E.

Ti dinja andjeunna ngadadarkeun pamendakna tina roepa-roepa perkara, noe patali djeung „Pangadjaran." Nganoehoenkeun ka Pamarentah kana robahan noe didjalankeun, hal pingpinan pigoeroeeun, koe ngajakeun H. I. K. scholen. Paneda andjeunna, moega-moega sakola-sakola noe kaseboet bieu, bisa hasil maksoedna, bisa ngaloearkeun goeroe-goeroe noe bakal nioempoenan leuwih ti noe enggeusenggeus ka kaperloeanana Inl. Onderwijs.

**Schoolopzieners djeung Opleidingna.**

Sanggeusna moedji ka Schoolopzieners, djrg O. Soebrata njarioskeun tina hal Opleidingna.

Moal ari njebatkeun „broddelwerk" mah sapertos djrg. Kertoamiprodjo, saoerna „ngan bae, ningal kana kawadjibanana noe djadi Schoolopzieners, Opleidingna teh geus teu ngandoeng ka waktoe, lir awewe noe oemoerna enggeus toengtoeng goenoeng, hartosna kedah dirobah".

Timbanganana djrg. O S. kitoe teh lantaran andjeunna oeningaeun, jen pagaweanana noe djadi S. Opzieners teh katjida beuratna, nja eta koe dipasrahan pagawean inspektoer; koedoe nalingakeun kaajaanana sakola-sakola kelas 2, mingpin goeroena djeung sadjaba ti eta. Koe lantaran kapasrahan pagawean tea, geus tangtoe artikel 16 tina instructie kenna ka noe djadi S. Opzieners. Ajeuna koemaha akalna, soepaja hal ieu oelah ngabeuratkeun teuing ka noe djadi S. Opz.? Timbangan andjeunna, koedoe aja Cursus, lilana sataoen atawa doea taoen, tempat diadjar roepa-roepa perkara, noe patali djeung kapangkatanana.

Kadjaba ti eta, saoerna djoeragan O. S, pantes pisan, adil, lamoen gadjihna S. Opzieners ditambah (dihadean).

**Taalcursus.**

Koe kaajaan djaman ajeuna (Koloniaal maatschappelijke structuur) basa priboemi teh, koe noe bogana, teu pati dipaire, toeroeg-toeroeg pangadjaranana koe pamarentah teu pati dioeroes. Prijaji-Prijaji noe wadjib ngamoemoele basana, nja eta ambtenaar-ambtenaar B.B. djeung Onderwijs, noeroetkeun timbangan djrg. O. S. teu tjoekoep meunangna pangadjaran tina basana. Djrg. O. S, njoehoenkeun ka Pamarentah, soepaja Cursus noe geus aja, noe sataoen tea didjadikeun 3 taoen, keur ngabibit pigoeroe—basaeun di Normaal, Kweekschool djeung Opleidingsschool

Noe koedoe diadjarkeun nja eta:

1 Basana sorangan.

2. Basa noe patali djeung basa sorangan.

Keur oerang Djawa: basa Soenda djeung basa Madoera atawa basa Bali. Keur oerang Soenda basa Djawa. Keur oerang Malajoe basa Minangkabau djeung basa Batak, nja eta pikeun ngalegaan pamandangan tina hal basa.

3. Basa Djawa boehoen (oud. Javaansch).

4 Keur noe lain oerang Malajoe basa Malajoe.

5. Cultuurgeschiedenis Indonesia.

6 Volkenkunde—Indonesia.

Pimoerideunana sakoerang-koerangna koedoe kaloearan H.I.K. atawa sakola noe sapangkat djeung H.I.K.

Basa Arab djeung Sanskrit kahojongna djrg. O. S. oelah diadjarkeun atawa didjieun facultatief keur noe harajangeun ngoelik lectuur-lectuur tina perkara Agama Islam.

Disoehoenkeun ka Pamarentah, soepaja dina tanggal 1 Januari 1929 Cursus tea geus diboeka.

Satamatna njarioskeun hal ieu djrg. O. S. njoehoenkeun ka Pamarentah soepaja ngajakeun Woordenboek Soenda (verklarend Woordenboek).

## Nederlandsch Indonesische Verbond.

Ieu teh hidji ngaran pakoempoelan studenten oerang priboemi noe aja di Nagri. Maksoedna nja eta hajang ngarapihkeun oemat koelon djeung oemat wetan (associatie), noeroetkeun tjetjekelan djoeragan Notosoeroto, malah ieu pisan noe djadi Beschermheerna oge moen teu salah mah.

Entong-entong koe njaho kana djeroanana, tjatjakan kakara koe bandera loeloegoena oge, geus tangtoe sarerea oge djoi tjop bae jen eta pakoempoelan teh maksoedna pikeun ngajonan Perhimpoenan Studenten Indonesia, anoe diloeloegoean koe djoeragan Hatta tea.

Noeroetkeun A. I. D. ieu koempoelan N I V: ajeuna-ajeuna geus njieun kongres dina Indische tentoonstelling di Arnhem.

Vice Voorzitterna, Bendara ('ndoro) Mr. Soedjito parantos ngadamel leseng, anoe noeroetkeun kabar noe di loehoer kieu maksoedna:

Sakabeh Indonesiërs mikahajang kana Zelfstandigheidna tanah Indonesia, sabab diparentah teh, ngadjadikeun tjiri kakoerang—hargaan (minderwaardig).

Hidji student di Holland bisa kadjoeroeng ka katen-toemarimaan, kateungeunah, teungteuingeun djeung ngewa: atawa bisa oge njokot sipat pajaan djeung sipat rapih.

Tah ieu sipat teu, noe diseboet panderi noe pangh ade hadena, tjiri boedinan djeung lalaki.

Katjida sasanna, saoer 'ndoro teh, lamoen Indie hajang papisah djeung Holland. Loba noe mikir jen oentoengna atawa sai metna Indonesia bisa katepi (laksana), lamoen kaom bodas geus diesir ka laoet. Tapi saenjana ieu teh geus tangtoe djadi katjilakaan tanah Indonesia, beuki sagala roepa.

Koe sabab eta 'ndoro ngadjoeroeng kana samenwerking.

Kana ieu lagoe beunang diseboetkeun oerang teh geus rada toeman, nja eta [illegible] dikawihkeun [illegible] djeung sasabahitna. Ngan oerkaja roepana bangsa kaom ajeuna mah bet koe ajoen amhing mah teu matak toendoeh, dipependena nawar geus hajang koe liwoeng.

Perkara noe tangsa kieu mah togana kahajang kitoe, teu matak djadi heran, lantaran kapandjieg en kasakit anoe rada lahar dib ngsa oerang, teu kaop maneh dipoepoedjeuhkeun dianggap diogo sarta diakoe didjeremakeun les noe poho ka batoerna, ka bangsana. Kadjeun sia, asal aing. Ka ngga bae intip, meureun di oerang oge pabalatak noe pangkat kitoe kambanana mah. Sapedah mineh geus oelin di loehoer, geus dinomer satoekeun, dineuwihkeun ti bangsana daradjatna, toeloej bae djadi pasarang noe bakal meroehkeun ka koelit daktina.

Lamoen ditjatjahkeun sarta dipersenkeun lobana bangsa priboemi noe geus meunang noegraha kamoeljaan panghoeloer—loeloeroena, boeh djadi aja 90% na noe teu nolih kana kahajang, kaoeurat kateungeunah bangsana, tapi djoedjoer melaan awak sorangan, soepaja kaagoengana kamoeljaanana toeroen-toemoeroen ka seke selerna.

Ieu teh, adat noe kieu, nja eta bidja kaoentoengan pikeun kaom imperialisten, pikeun ngadjaoehkeunana (ngamobalkeunana) eenheid.

Pikeun anoe atemeet keneh mah kana pangadjaran babad (geschiedenis) Oost-Indische Comp. gilie atawa saboetoehna, leukeun noetoerkeun lezingna djrg. Ir Soekarna, geus teu sak deui jen politiek kitoe teh nepi ka ajeuna masih keneh dinomer — hidjikeun. Sabab ieu teh teu aja deui pakarang noe pangmoendel-moendelna, anoe tarik manan mimis bedil, seukeut batan pedang kamkam. Komo alam ajeuna mah djaman, lain djaman ngadoe tanaga atawa ngadoe ilmoe, tapi ngadoe akal kapentjangan. Saha-saha noe pakiret scet set bisa tjoengtjat tjingtjet eta noe bakal nandjoeng.

Geuning ajeuna-ajeuna oge kapan geus boekti bloeh—bleh ari noeroetkeun sangka, lain ari netepkeun mah, ngan sok katindih koe kari kari bae-

ari noeroetkeun babasan oerang Soenda. Tjara, woeri woeri keur ichtiar djeung ngarep ngarep hajang djadi Burgemeester oepamana, naha ana beletoek teh tegen kana P.P.P.K.I. Atawa deui woeri—woeri ditoeroegtoeg koe meunang gagantel dada, atawa aja pengharepan noe sedjen sedjen, toeloej ngitjoek ngitjoek babatoerana na soepaja idem als boven.

Deui, woeri woeri hajang toeroen toemoeroen, oelah diselang koe batoer, dina ngabeujeuk dajeuh ngolah nagara, djoel djol actie anoe matak ngeunah ka batoer ripoeh bangsa sorangan.

Ka bangsa asing noe ngalarapkeun politiek ieu, noeroet aloer galoer koempeni, geus teu rek njalahkeun, da zelfoehoud, moenasabah, pangkitoena, tjatjakan oerang oge lamoen kitoe, tangtoe kitoe.

Saperti ajeuna geus ger deui aja bedja jen Kdj. Dalem Garoet toeloes rek pansioenna. Katjida pisan teu moestahilna, sanadjan goejoerna geus sadjadjagat oge, lamoen tjeg diganti koe poetrana, Djrg. Moesa anoe sakitoe lobana lalakonna. Ari sababna, peta kitoe teh, nja eta ngalarapkeun politiek wawarisan ti O. I compagnie tea

Sarerea, teu meunang heran, moen kadjadian kitoe teh. nja ari ah eh mah meunang, da moal dipadjeg.

Ari benerna, koe kahajang oerang, sakoer sakoer anoe geus boga harga manoesa, dimanoesakeun teh, koedoe narik ka batoerna, sing tjara sarandjeunanana diadjenanana kamanoesaan. Lain ari koedoe papak rata sarererea kitoe mah, pamohalan, tapi noe dipikajang teh djadina djelema sonder kelas kelas tjara ajeuna.

Lamoen kitoe mah, sanadjan mikahajang associatie oge moal noeroestoendjoeng teuing.

Koemaha atoeh ari ajeuna mah, soemawonna tina reboe hidji, laksa hidji oge teu aja noe boga martabat djelema toelen.

Tjara eta kasaoeran ahli noedjoem 'ndoro Soripto, lamoen oerang ditinggalkeun koe asing tambah tambah katjilakaan, djiga moal loba noe ngahaminan kana pamanggih pantar kitoe mah.

Koering mah sanadjan noeroetkeun bakat djrg. Ir. Soekarno oge, jen overheerscher taja petana ngalesotkeun koloniena kalawan sadrah hatena lantaran teu mikahajang pisan, kana oeroes oeroesan niet geweld, ngadoa-doa beurang peuting, soepaja aja bentang ragrag ti langit bakating milik moedah moedahan koengsoer langsar tjara Engeland ka Mesir bae.

**Oe. N.**

## Koloniale Politiek.

Geus moal hambam deui, jen anoe ngereh tanah pataloekan teh, boga angkeuh sarta gede pangharepan, soepaja tanah pataloekanana salawasna aja dina tjangkinganana sanadjan nepi ka kiamat oge.

Ari noe djadi sabab, kapan koe sarerea oge geus kaharti, jen tanah pataloekan teh, djadi hidji djalan kaoentoengan anoe pohara pisan ka anoe naloekkeun tea. Kaoentoengan nagara Walanda ti Indonesia dina oenggal taoen, lain poeloeh, tapi nepi ka ratoes malioen.

Indonesia teh, lain ngan dipake pangoembaraan bae, dipake djalan njiar kabiroepan, tapi pangasilanana oge diakoetan ka nagara Walanda.

Djadi geus teu koedoe heran deui, lamoen oerang nagara Walanda njieun roepa-roepa akal. soepaja tanah pataloekan teh, oelah nepi ka leupas tina tjangkinganana.

Kaajaan tanah pataloekan mah sanadjan di mana bae oge, moal beda ti kieu.

Geus moal salah deui, tangtoe pisan anoe njekel tanah pataloekan teh, ngarasa hariwang henteu pertjaja ka bangsa—bangsa pataloekan tea, bisi boga hate hajang ngadjabel deui tanahna. Tangtoe ngarasa tjangtjaja bae lamoen nendjo kagoejoeban-kagoejoeban anoe dadjaralankeun koe somah pataloekan tea.

Koe sabab eta, tangtoe sabisa bisa somah tanah pataloekan teh, oelah sina goejoeb djeung pada batoerna, babakoena pisan tina bab kapoelitikan.

Ti sabarang Indonesia djadi pataloekan nagara Walanda, ti djaman Oost Ind. Coy. keneh, lamoen koe oerang dipapaj sarta diregepkeun koe maha taladjakna di dieu, ngan ngadoe ngadoe ngabengkahkeun antara oerang Indonesia djeung oerang Indonesia keneh. Malah kaajaan anoe saroepa kitoe teh' toeloej nepi ka kiwari ngan beda beda bae djalanna.

Mimitina ngitjoek-ngitjoek, ari basana mah mantoean ka radja-radja di tanah Djawa, dina mangsana aja peperangan. Ari kadjadianana lain ngabantoean ngabeberes, tapi ngarah boeroehan ti ditoe ti dieu. Koe djalan ieu, nepi ka sakoeliah Indonesia djadi pataloekanana.

Dina mangsana oerang Djawa saoejoenan, kapan oerang Ambon anoe dipake ngaloeroeg teh, nja oerang Indonesia keneh bae.

Geusan noempes ka oerang Atjeh, kapan karereanana mah oerang Madoera anoe dipake ngaloeroeg teh, nja oerang Indonesia djeung Indonesia deui bae.

Geusan noempes oerang Boni, nja oerang Djawa anoe dipake ngaloeroeg teh.

Djaba ti eta, rea keneh kadjadian-kadjadian anoe saroepa kitoe teh.

Nepi ka lebah dieu oge, geus tetela pisan, geusan noempes oerang Indonesia teh, anoe dipake parabotna oge, nja oerang Indonesia keneh bae, oerang nagara Walanda mah ngan anoe ngaloeloegoeanana bae.

Sing horeng ari akal deungeun, nepi ka kitoena, oerang Indonesia sina ngamoesoeh djeung oerang Indonesia deui.

Poegoeh oge lamoen oerang Indonesia tadina geus goejoeb mah, meureun moal aja kadjadian anoe saroepa kitoe teh.

Tapi nja eta atoeh, ari dina Koloniale politiek mah, tangtoe pisan sakedah polah diteangan bae pidjalaneunana teh, soepaja bangsa oerang oelah bisa saoejoenan, ngahadja njieun kieu tea, njieun kitoe tea, anoe sakira-kira bisa ngabentjahkeun kagoejoebanana bangsa oerang.

Ka-beh-dieunakeun politiek ngabentjahkeun teh beuki lemes bae, nepi ka meh henteu katara pisan.

Sawatara taoen katoekang, bangsa menak henteu ditarik padjeg, henteu kagiliran Heerendienst djeung sa bangsana. Ieu atoeran teh, taja lian ngan keur misah misahkeun goendoekan bangsa oerang bae, soopaja djaoeh kana kagoejoeban. Tapi ieu pakarang teh, ari lila lila mah, henteu matih, nja ari ka-beh-dieunakeun mah, sing saha bae oge koedoe majar padjeg.

Samemeh taoen 1921, sakoer pagawe Gouvernement (bangsa priboemi) henteu koedoe majar padjeg. Ieu atoeran lain samata mata bidjil tina kaasihan, tapi babakoena pisan mah, pikeun ngabagi bagi goendoekan bangsa oerang tea bae, soepaja ponggawa Gouvernement boga rasa harkatna aja saloehoereun somah biasa, nepi ka henteu daek sagoeloeng sagalang djaoeh tina kagoejoeban.

Ieu pakarang teh, ari lila lila mah, nja teu matih deui bae, sabab bangsa oerang geus rea anoe ngarti, jen koedoe saoejoenanana djeung papada bangsana. Memang geus kitoe per watekna djaman.

Tapi kaoem itoe, henteu weleh-weleh neangan djalan pikeun ngabentjahkeun kagoejoebanana oerang Indonesia. nja ari goebrag atoeran Burgerlijke stand. Malah ari ieu mah katjida pisan tetelana ngabagi bagi goendoekanana teh. Geura kapan eta mah nepi ka kieu: Anoe kaasoep kana tjatetan Burgerlijke stand teh, nja eta, oerang priboemi anoe ngagem agama Christen, anoe kaseboet Raden djeung pagawe Gouvernement anoe gadjihna leuwih ti f 100.—

Ari tjek anoe tjohag mah, meureun kieu: Oerang priboemi anoe ngagem agama Christen sina ngarasa leuwih loehoer harkatna ti batan anoe lain Christen.

Anoe Raden sina ngarasa leuwih loehoer ti batan anoe lain Raden. Pagawe Gouvernement sina ngarasa leuwih moelja ti batan partikoelir. Anoe gadjihna leuwih ti f 100.— sina ngarasa leuwih agoeng ti batan anoe koerang ti sakitoe, padahal saroea pada boeboeroeh.

Ieu atoeran teh, tetela ngan rek ngabagi bagi goendoekan bae, sawareh asoep kana Burgerlijke stand, ari sawareh deui henteu. Geura nja naon atoeh.

Tapi lantaran geus kadjoeroeng koe oesoem, kabawa koe mangsa, geus moal aja pakarang anoe matih pikeun ngabentjahkeun kagoejoebanana oerang Indonesia teh. Ari sababna koe sarerea geus karasa kaperloeanana. Ngan ajeuna mah, oerangna bae anoe koedoe awas, taliti djeung ati ati.

**B. S.**

## Djrg. Atmawinata ngalih ka Batawi.

Dina malem Minggoe tanggal 29 Juli 1928, di Soesitet Kawoningan Mitra rame mestakeun djrg. Atmawinata, minangka sosonoan doemeh andjeunna ngalih ka Batawi djadi Redacteur di Volkslectuur.

Beunang diseboetkeun arang langka bangsa leutik dipestakeun sakitoe ramena noe saroemping sakitoe lobana. Tjeuk Walanda mah niet zonder reden. Pangkitoena teh aja sababna.

Saperkara djrg. Atmawina teh salah sahidji ti noe ngadegkeun „tjabang Pasoendan" Tasik.

Nja andjeunna djeung djrg. Sastraprawira noe paeh poso ngadegkeun *H. I. S. Pasoendan*, noe ajeuna geus karasa boeahna koe pangeusi Tasikmalaja. Baroedakna geus aja noe ka Mulo, K. W. S. djeung ajeuna ajeuna ka H. B. S. Meudjeuhna oepama kolot kolotna daratang nganoehoenkeun kana djasana.

Kadoea perkara: Keur noe maraos *Sip.* tangtos moal bireuk kapan andjeunna djadi redaktoer Sip. *zonder gadjih*, hartina amal ngaloearkeun tanaga pikeun njaangan kaom leutik sateka teka djeung sabisa bisana andjeunna. Keur noe dibelaan tangtos aja mangpaatna. Hanas diboeroehan *boboreh*, apa boleh boeat risico van den arbeid.

Katiloe perkara: andjeunna teh voorzitter „Boedi Kaprijajian" een soort cooperatieve bankvereeniging noe ajeuna koe pingpinan andjeunna geus boga modal aja poeloehna reboe toer elidna nambahan ratoes ratoes. Koe eta pagoejoeban salawasna lid lid noe meunang katoenggaraan ditoeloengan. Dimana aja kapapatenan nja djrg. Atmawinata noe pangheulana tjakah tjikih ngoeroeskeun.

Noe matak meudjeuhna oepama loba noe saroemping teh, tina loba noe kahoetangan kahadean.

Djasa djasana djrg. Atma ditataan dina waktoe toespraak djrg. Patah, W.d. voorzitter B. K. noe ngagentos andjeunna sareng ngagentos andjeunna djadi redaktoer ieu soerat kabar, . . . kitoe deui ditataan koe djrg. Ahmad Atmadja, voorzitter Pasoendan Tasik.

Lantaran djelema tea . . . djelema . . . . . fara aja noe ngan boga sobat woengkoel, djrg. Atma oge koedoe bae boga tegenstander, noe teu tjotjog kana paripolah andjeunna.

Hal ieu oge koe djrg. Soetisna ditjarioskeun. Saoerna teh: si bener, (waarheid) moal beunang disimboetan. Sanadjan aji aja noe njeboet madjar *pangasoet* djeung *karakterloos*, tapi lantaran *bohong*, teu weleh nerekel naek pangkat.

Eudjingna waktoe angkat, setatsion pinoeh koe noe ngadjadjapkeun. Teu kedah ditjarioskeun, seueur sapoe tangan noe baraseuh. Lain bae istri, pameget oge aja noe geus teu bisa mengkek kasedihanana.

Moega moega djrg. Atma di tempat pangoembaraanana noe anjar sing iasa ngaladjengkeun padamelanana andjeunna di Tasik noe sakitoe saena sarta moega moega sing loba sobatna tjara di tempat noe dikantoen koe andjeunna.

Loeloes bangloes, pandjang poendjoeng, noe diteda koe Soekapoera.

## Aweuhanana „Inl. meerdeheid".

Keur waktoe geundjleung perkarana Inl. meerderheid di Volksraad, djrg. Moh Enoch, lid Raad Kaboepaten Garoet djeung lid Coll. van gecommitteerden dina waktoe koempoelan Raad Kaboepaten, moerstel, soepaja Raad Kaboepaten njanggakeun adhesie betuiging ka Pamarentah, njotjogan kapalajna, ngajakeun Inl. meerderheid.

Lid-lid Walanda Raad Kaboepaten Garoet pohara „barendoena" njeboetkeun Raad Kaboepaten teu boga hak pikeun pipiloeeun tina hal eta. Malah lamoen eta poerstelan djrg. Moh. Enoch koe Raad rek dibadamikeun, maranehanana, lid-lid Walanda, harita keneh rek ninggalkeun pasamoan.

Tina ngingetkeun sili eledan tea, teroes harita dipoetoes, soepaja Kangdjeng Dalem Garoet naroskeun ka Pamarentah, koedoe koemaha dihartikeunana artikel 53 tina Regentschapsordonnantie, sabab noeroetkeun pahamanana djrg. Moh. Enoch memang tina hal Inl. meerderheid oge, Raad Kaboepaten aja hak pikeun pipiloeeun.

Panarosan Kangdjeng Dalem Garoet noe kapioendjoek ka Pamarentah koe seratna tanggal 21 September 1927, ajeuna koe Pamarentah geus didjawab (soerat tanggal 11 Juli 1928).

Saoer Kangdjeng Toean Besar teu aja halanganana Raad Kaboepaten ngabelaan kaperloean oemoem ka noe leuwih loehoer, sok moen kaperloean kaboepaten sagemblengna atawa kaperloean pendoedoekna patali djeung eta perkara tea (kaperloean oemoem)

Djadi hartina Pamarentah menerkeun pahamanana djrg Moh Enoch djeung sakantjana, Nja eta Raad Kaboepaten aja hak pikeun tjampoer baoer tina hal Inl. meerderheid. Sabab kaperloean pangeusi Kaboepaten patali djeung poetoesanana Inl. meerderheid.

Noe maraos *Sip* aremoet keneh, Raad Kaboepaten Tasikmalaja harita njanggakeun motie ka Pamarentah njotjogan kapalajna pikeun ngajakeun Inl. meerderheid.

## Een Nationale Bank.

Nangkep bangsat koedoe koe bangsat, merangan panipoe koe pangarti, merangan pangaroeh (kakawasaan) doeit koedoe koe doeit. Hidji beneran, rasa koering, noe koe oerang moal bisa ditampik deui.

Oerang, oerang priboemi, elehna koe semah, lain saoerat, lain doea oerat, tapi pirang pirang oerat.

Lain bae pangarti atawa kaboga noe eleh teh, oge dina kagoejoeban pohara tinggaleunana. Tapi, alhamdoelillah, kabehdieunakeun geus teu pohara teuing gandjorna, sanadjan masih aja keneh di sahandapeunana.

Di oerang henteu koerang ari noe baroga doeit mah tapi kagoejoeban djeung neundeun kapertjajaan ka babatoeranana tatjan tjara di bangsa sedjen,

Oerang ngan kaget noe aja oepama nendjo maskape maskape noe sakitoe guledena toer sakitoe baleungharna:

Pabrik pabrikna aja poeloehna, kontrakanana reboean bae. Kakawasaanana djeung pangaroehna noe sakitoe gedena.

Eta pangaroeh atawa kakawasaan henteu beunang koe diperangan tina hal politieke rechten, hajang dirobah itoe djeung ieu, tapi noe pangpangna pisan oerang economisch koedoe bisa nangtoeng sorangan. Economisch oerang oelah tergantoeng ti semah.

Sagala akal tarekah tina hal ieu koedoe dibantoe koe sakoer djelema noe njeboet dirina nationalist, nja eta noe hajang ngamadjoekeun bangsana djeung lemah tjaina.

Eta akal tarekah ti bareto teu koerang koerang. Boektina di oenggal tempat koedoe bae aja pagoejoeban op economisch gebied. Sarta henteu kabeh tidjoeralit. Aja bae hidji doea noe nandjoeng. Di Bandoeng „Himpoenan Soedara", di Djogja O. L. Mij Boemi Poetera djeung di sedjen tempat tangtoe aja, ngan koe oerang teu kanjahoan.

Tidjoeralitna pagoejoeban op economisch gebied di oerang loba loba noe djadi lantaran. Ari babakoena boh teu beunang dipertjaja pangoeroesna, lantaran ondeskundig beheer (teu bisa ngoeroesna).

Noe matak nomer hidji koedoe boga pangarti, nomer doea koedoe goejoeb, nomer tiloe koedoe pertjaja djeung beunang dipertjaja.

Tina hal pangarti oerang geus pohara madjoena, oepama ditimbang djeung kaajaan oerang ka toekang toekang.

Ajeuna geus loba bangsa oerang noe djadi insinjoer, noe djadi adpoekat, noe djadi doktor doktor boh kana doktor oebar-oebaran, boh doktor basa, boh doktor tina hal elmoe dagang, saperti doktor Samsi.

Pangarti geus eungkeut eungkeut boga; kari ajeuna nembongkeun kabisaana djeung beunang henteuna dipertjaja. Oepama ajeuna teu tembong, iraha atoeh tembongna!

Ajeuna ajeuna aja bedja, jen bank noe ajeuna waktoe waktoe ieu diberoes koe Studieclub di Soerabaja rek didjieun djadi nationale bank (bank kabangsaan) sarta rek dipasrahkeun ka P. P. P. K. I., pagoejoeban oerang sarerea oerang Indonesia. Oepama Congres P. P. P. K. I. di Soerabaja (ti 30 Aug. nepi ka tg. 2 Sept.) engke narima eta poerstelan saoer Dr. Soetomo, eta bank bakal ngamodal samalioen roepia. Noe djadi aandeelhouder panggedena nja eta O. L. Mij Boemipoetra di Djogja djeung Indonesisch fonds di Soerabaja. Hoofdkantoorna bakal di Soerabaja djeung bijkantorenana di Bandoeng djeung di sedjen sedjen tempat.

Ari maksoedna eta bank nomer hidjina baris ngamodalan nijverheid djeung landbouw bangsa oerang.

Koering, kitoe deui noe sedjen, bangsa koering, matja ieu kabar pohara boengangangna hate, tina pohara tjotjogna, lantaran—sakoemaha noe geus ditjaritakeun di loehoer taja deui akalna pikeun merangan kakawasaanana noe baleunghar, djaba ti oerang deui koedoe djadi rahajat beunghar.

Koe sabab eta moega moega bangsa oerang noe tjaroekoep daek noeloeng koe harta, noe palinter koe harti,—ari si Leutik mah moal naon naon, da noe rek ditoeloengna.

Hajoe oerang pada neneda sing djadi, djeung pada daek ngarodjong sasieureun sabeunjeureun.

## Tanah erpah.

Tanah erpah noe geus meh 75 tahoen ditjekelna koe noe moeka, dina padjamanan ieu loba noe koedoe dipoelangkeun deui ka Goepernemen. Ieu kadjadian pohara ngagojangkeunana kaom anoe keur kitjikiboeng dina kani'matan, ari sababna nja eta atoeh ari kitoe tea mah, sok hajang langgeng tea dina kaugeunahanana, geusgoho bae di kaajaan noe araja, binitboeit tanah dieu. Ma'loem noe palinter tea mani moeroeboet hoedjan „argumenten" soerat kabar „Sana", itoe ieu pada menta, maksoedna soepaja noe maroeka tanah teh bisa ngeukeuweuk kontrakanana.

Poegoeh oerang oge moal bisa nampik, jen koe ajana kontrakan kontrakan teh, tiba pileuweungan-pileuweungan anoe meh teu aja pibasileunana djadi rame, gede mere kaoentoenganana. Tapi kabeh ge teu aja noe bireuk ka mana noe djadi babakoe asoepna eta mamanis. Mapan boekti pisan geuning, noeroetkeun koemaha kasaoeranana toean Helffrich mah, natrat atra tetela pisan, geus euweuh matak piteukahartieunana. Saha noe weureu soubeuh koe tantiemes? *Itoe!* Saha noe galede gadjihna? *Itoe!* Saha noe locoet leet kesang babakoena? *Dieu!* Saha noe moeroeboet dikaloearkeun dina kabeneran njorang roegi? *Dieu!* Geura papaj, dina aja noehoeh ripoehna mah, neumbleuhna teh nja di dieu deui, di dieu deui! Da moetoeh ari nepi ka waktoe-waktoe ieu mah, kaom oerang teh ngan aja dina kalangan kabagian peperetna bae. nadjan kitoe nadjan kieu oge, tatjan ari ngingetkeun engke ka hareupna mah, oepama intjoe boejoet oerang ajeuna perloe mako tanah, kamana nja piloseun, titinggal karoehoen beak koe batoer. Ari digawe ngan njorang djadi noe koeli, noe harga tanagana oge apan leuwih moerah batan mesin.

Moega moega bae, Pamarentah kebat djaoeh paningalna, oelah gedag kaanginan, nedoenan maksoedna agrarische wetgeving, soepaja katembong jen enja-enja ngariksa abdi-abdina teh.

**Kd.**

## Noe ti teuleum di simbeuhan.

Geus teu koedoe ditjaritakeun deui beuratna hiroep dina djaman ajeuna. Diaba ti mahal teh pikeun kaperloean hiroep sapopoena, rea deui ongkos-ongkos anoe sedjen pikeun ngoedag kaperloeanana kamadjoean.

Sanadjan anoe rikrik gemi oge, oentoeng anoe pohara pisan, lamoen ngan oekoer tjiples bae. Sok djadjaoeheun ari kana njesa mah.

Koemaha lamoen ninggang di anoe rojal, djaoeh mela-meloe kana bisa aja kamahian teh. Poegoeh, lamoen ditendjo salantjar mah djiga salahna sorangan, tapi lamoen dileujepan, bongan kaajaan djaman anoe maksa koedoe kitoe, bongan rea tjonto anoe katendjo.

Oenggal djalma oge tangtoe hajang pinanggih djeung kasenangan, tapi koemaha ari boektina, teu koedoe ditjaritakeun deui, da sarerea oge pada ngarasa.

Anoe baranggawe di Gouvernement sanadjan anoe geus aja poeloeh taoenna oge, arang pisan anoe boga teundeun doeit, ari loembrahna mah ngan oekoer bisa hiroep. Malah ari karereanana mah, rea anoe hiroep dina laoetan hoetang, 'rea anoe ngaleuwihan tina kamistianana, rea anoe kakeueum nepi kana sirahna.

Nepi ka lebah dieu, koering inget ka salah sahidji sobat, anoe digawe di P.T.T. dienst koerang—leuwih geus sapoeloeh taoen. Pangkatna henteu handap-handap teuing, kira-kira saroea djeung Commies. Doeka koemaha, henteu bisa njaritakeun sabab sababna, bet pati hoeripna teh, aja dina dampal leungeun Rentenier alias woeker alias Lentah darat Gantjangna tjarita geus kabeulit toeroeg toeroeg diboelat beulit deui tjek pari basa nepi ka teu bisa oesik oesik atjan. Ma'loem tjara papatong anoe beunang koe ranggap ramat lantjah maoeng, oelag ileug teu bisa oesik. Doeit gadjihna henteu tjoekoep keur majar hoetangna, malah lamoen henteu aja babatoeran anoe haat mah, pikeun daharna oge geus doeka koemaha.

Si lentah darat tea henteu soegema kee dibajar saeutik, maksoedna mah hajang poeas, pikeun tjonto ka anoe sedjen, toengtoengna djadi perkara, nepi ka barang-barangna dibeslag. Geus dibeslag koerang poeas keneh bae, da bongan barang barangna tea ngan saeutik, antoekna pisan diasoepkeun ka boei (gegijzeld).

Saenggeusna asoep sarta ngaring koek di djero boei. kaunlangsaanana teu koedoe ditjaritakeun deui, da poegoeh geus misah djeung anak pamadjikan, tapi pagawean kapangkatan oge koedoe ditoenda.

Tina njaahna kana pagawean, ti djero boei ngirim rekest soegan aja sih piwelasna anoe djadi doenoengan, doemeh digawe geus sapoeloeh taoen sarta tjan aja kasalahan, menta verlof buiten bezwaar van de Lande, lilana pikeun 6 boelan.

Tapi dasar milik anoe keur aja dina goreng nja djadi tambah henteu ngeunah bae, ti batan dibere verlof mah kalah ka dilepas, padahal ari kana pagawean mah, tatjan aja kasalahanana, pangna bisa digawe nepi ka sakitoe lilana oge.

Poegoeh memang teu aja atoeran verlof diboei teh. aja soteh verlof ka Europa, tapi tjing atoeh lamoen meunang nawar mah, hajang nawar itoeng itoeng tjara mere verlof buiten bezwaar van de Lande anoe ka Mekkah bae, geuning sok meunang.

Kadjaba lamoen diboeina teh, pedah ngalakoekeun kadjahatan, ngareumpak anger-angeranana Wet, sanadjan diboeina ngan sapoë oge, kawas moal aral aral teuing sanadjan dilepas oneervol oge, da tamahana sorangan. Tapi ari ieu mah kawas henteu pisan ngaraskeun ka anoe ngawakan, nepi ka ninggang kana paribasa „Noe titeuleum disimbeuhan".

Padahal matak naon lamoen Gouvernement ngajakeun atoeran deui, anoe sakira kira rada ngeunah meueusan katendjona, koe pagawena anoe keur kitoe kaajaanana, nja eta koe djalan mere verlof buiten bezwaar van de Lande tea, panglilana genep boelaneun mah, meureun aja oge rada ngeunahna, asa aja arep arepeun ti batan dilepas teuing mah.

Atoeh ari koedoe dilepas, bae mah, tjara anoe geus kadjadian anoe ripoeh nja mingkin ripoeh, tapi anoe ngeunah nja mingkin ngeunah bae, si Lentah darat tea, asa nambahan boga pakarang, djadi antjaman ka anoe diserot getihna tea.

Koemaha anti woeker?

Doeka teuing.

**Landsdienaar.**

## Atikan.

Djadi panjileukan sarerea, hajang boga anak anoe hade lakoe lampahna, malah Gouvernement oge nja kitoe pisan hajang boga somah anoe hade lakoe lampahna, soepaja ajem tengtrem ka nagara.

Di djero sakola baroedak dibere tjonto tjonto djeung nasehat anoe harade, nja kitoe deui di loeareun sakola, didjaga pisan soepaja baroedak teh oelah nendjo tjonto tjonto anoe goreng. boektina Gouvernement geus ngajakeun atoeran, baroedak anoe oemoerna koerang ti 18 taoen henteu meunang laladjo bioscoop, anoe mawa tjonto goreng, kadjaba kinder voorstelling.

Tapi handjakal pisan ieu atoeran teh totorombolan alias wawarehan.

Naha ari di feestterrein atawa di park-park baroedak sok meunang asoep. Padahal di feestterreinen mah, baroedak teh leuwih gampang manggihna tjonto goreng ti batan di bioscoop bissa, Ma'loem ari di feestterrein mah, lain ngan bioscoop bae. tapi dieujeub eujeub koe laladjoaneun anoe sedjen, boh Doger atawa Ronggeng.

Naha ari boedak nendjo anoe kitoe henteu dianggap goreng keur atikan? Pirakoe,

Toaroeg toeroeg, geus djadi kabiasaan pisan, park atawa feestterrein teh, sok djadi Jachtterrein pikeun palatjoeran. Tah, perkara ieu anoe goreng pisan kana atikan teh.

Naha eta kitoe pedah karereaanana baroedak Inlander anoe matak diantep bae teh?

?

## Wartos ti Administratie.

Lg. No. 989 f 1,50. Lg. No. 227 f 3,—. No. 682 f 2,—. Lg. No. 899 f 2,50. Lg. No. 707 f 1,50. Lg. No. 1007 f 1,50. Lg No, 1014 f 1,50. Lg. No. 993 f 3,—. Lg. No. 830 f 1,50 Lg. No. 152 f 1,50. Lg. No. 497 f 3.—. Lg. No. 494 f 1.50. Lg. No. 923 f 1,50. Lg. No. 866 f 1.50. Lg. No. 489 f 4 50 Lg. No. 1021 f 3.—. Lg. No. 201 f 1.50. Lg. No. 634 f 4,50. Lg. No. 559 f 4 50. Lg. No. 778 f 3.—. Lg. No. 158 f 3,—. Lg. No. 1055 f 1.50. Lg, No. 1056 f 1,50. Lg. No. 1057 f 1.50 Lg. No. 1058 f 3,—. Lg. No. 201 f 1,50. Lg. No. 697 f 1,50. Lg. No. 941 f 3,—. Lg. No. 1 f 1,50. Lg. No. 109 f 1,50. Lg. No. 236 f 1.50 Lg No. 519 f 6.—. Lg. 607 f 3.—. Lg. No. 947 f 1.50. Lg. No. 1060 f 1,50. Noehoen sadajana Postwissel - Postwissel katampi. Sareng oepami nampi keneh mah S. P. eta artos tetela katampi.

—o—

Ka 'sadajana para djoeragan langganan anoe roemaos keneh kagoengan toenggakan kedah enggal ngintoen Postwissel atanapi ngawartosan.

## Raad Kaboepaten Tasikmalaja.

AGENDA.

Dari hal jang akan dibitjarakan pada persidangan oemoem Raad Kaboepaten Tasikmalaja, jang akan diadakan pada tanggal 20 Agoestoes 1928, moelai djam 9 pagi, tempatnja di pendopo Kaboepaten Tasikmalaja.

1. Menerima lid jang baharoe diangkat, jaitoe Rd. Enoeh Assistent Wedana onderdistrict Radjapolah district Tjiawi (gantinja H. A. Sanoesi).

2. Menerima baik notulen persidangan Raad pada tanggal 14 Mei 1928.

3. **Soerat soerat jang keterima.**

a. Hal katetepan sesa oewang begrootingsrekening keloearan dan tarimaan kaboepaten Tasikmalaja


Wawatjan Lajang Sech Abdoel Kodir Djaelani tamat 100+50 manakib pangaos f 4 —

Kantoen saeutik deui. Boekoena kandel ageung djilid karton dikembang kembang

Weweling ka noe aranom sareng sepoeh f 0 30 karangan Boedjangga Djoeragan Aria Mangoenredja, teu kedah dipoedji deui.

Noe ngantos pesenan
**R. Tisnawidjaja.**
Penningmeester B. K.
Djadjawaj
Tasikmalaja.

Kenging oge ngagaleuh ka Toko v/h Pasoendan Tasikmalaja.

**Djoeragan! Djoeragan! ISTRI**

Ngawitan ti sasih ieu pribados, parantos njajagikeun roepi-roepi entjit, anoe roepi-roepi kembang. Sareng marodel pisan, dina pangaos nanggel tiasa langkoeng mirah ti toko noe arageung, bilih kirang pertjanten enggal ajeuna njeratan njoehoenkeun roepi-roepi tjontona, koe pribados dikintoen Gratis ka adres.

HALIM
**West passar Straat 16**
BANDOENG.

**TAN JOE AN**
**TOEKANG GIGI**
Dimoeka Pasar Tasikmalaja.

Saja bisa bikin gigi roepa - roepa dan bisa obatin penjakit gigi.
Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantes

**Kleermaker M. SOEKARDI**
**Gang Bruijns & Thijssen No. 8.**
**BANDOENG.**

Trima pekerdjaan boeat bikin segala roepa pakean boeat Toean toean menoeroet model baroe dan enak dipakenja. Ditanggoeng baik, lekas dan harga lebih moerah. Soedah dapet soerat poedjian dari Regent Pandeglang.

**Djoega ada sedia roepa roepa kaen.**

**Preanger Chemicalien Handel**
**Telefoon No. 76.**

Selamanja sedia roepa - roepa obat patent dan lain lainnja, Minoeman, Seroetoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncilla, dan pekakas potret.

Para Djoeragan sareng saderek saderek pameget istri.

Oepami angkat ka Bandoeng oelah lepat, moegi karoelem di

**HOTEL SLAMET**
**BANDOENG.**
**Kebondjatiweg 41**
angkat ti Station kinten 3 menit.

Tarief Klas I f 2.— doeaan f 3.—
„ II f 1.50 „ f 2.50
sonten vrij thee, endjing endjing kenging koffie soesoe endog hajam sareng roti.

Ieu Hotel kaetang ageung, pamandangan hegar, nganggo verdieping (balkon), rawatan beresih, lampoe electrisch, tjai leiding, djongos satia, gampil angkat-angkatan ka tempat anoe rame-rame margi tjaraket.

Hormat noe ngadjeng ngadjeng
**E. Carno**
Eigenaar.

**TOKO**
**NIC MULLER**
**Goenoengladoe 15 Telepon No. 26.**
**TASIKMALAJA.**
SAGALA LANDONG SAJAGI.

Oepami moendoet prijskoran kenging pry.

Anoe parantos kenal di toko kenging NGABON (rekening) Rembours ka mana-mana anoe teu atjan kenal.

Sajagi: Verbandtrommel (tromel anoe dieusi koe sagala kaperloean di noe tebih ti dokter atanapi ti roemah sakit. Pohara perloe disajagikeun di dessa.
kabar djeung atoeranana kenging di toko.
Pangaos compleet moeng f 12,50
Sajagi: PAINKILLER (landong sariboe goena) anoe tiasa dianggo kana sagala kasawat di djero sareng tiasa dianggo ngosok salira.
Sajagi: TJELEP (sipoehan) anggoeun njelep raksoekan, samping badjoe s. n. k.
Sajagi. Sagala landong Patent sareng sagala landong noe sanes². Pangaos tjotjog pisan.
Sajagi: Bangsa kolonjo, lisah seungit wedak wedakan, pondokna ka perloean toilet istri sareng pameget.
Sajagi: Sesepeun sareng goela-goela.

Mangga tingalian ka toko, di tampi sareng kaweningan hate.

Noe ngantos
**NIC MULLER.**

Schoenmakerij en Kleermakerij
**„Malah Mandar"**
Stationsweg 21 Tasikmalaja.

**Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.**

**Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.**

Hoermatna noe ngantos
pesenan poen
**O. Sasmita.**

**AL-FOER-QAN**
**Tafsir Qoer'an**

Satoe tafsir jang beloem pernah ada bandingannja di segala bahasa.

Diartikan tiap-tiap satoe kalimah dari satoe ajat setjara woordenboek, lantas diberi arti rangkaian, lantas diberi katerangan (noot), lantas diberi rengkasan boeat tiap-tiap ajat.

Satoe ajat diterangkan ampat kali.

Boleh dapat tjontoh pertjoema.

Tiap-tiap satoe bagian harga f 1.—

Bisa dapat dari kantoor „PERSATOEAN ISLAM"
Pengeran Soemedangweg Bandoeng.


## BEKENDMAKING.

De Regent van Tasikmalaja maakt bekend, dat ten kantore van den Regentschaps—Raad voor een ieder ter visie liggen 2 ontwerpverordeningen regelende:

a. het beheer van de instellingen, de geldmiddelen, de eigendommen en andere bezittingen van de dessa's in het Regentschap Tasikmalaja.

b. de samenstelling de aanstelling, het ontslag en de inkomsten van het dessabestuur in het Regentschap Tasikmalaja.

Tasikmalaja 20 JULI 1928
De Regent voornoemd
**Wiratanoeningrat.**


**Toko OBAT G. M. SHEKH SAHIB**
**dari Hindoestan**
**Pasarweg No. 32 Tjihideung Gede**
**TASIKMALAJA.**

Dalem tiga boelan gratis (tida oesah bajar) bisa bikin baik penjakit aambeien (bawasir, ambej) dalam 2 minggoe tanggoeng baik.

Dengan bajaran bisa bikin semboeh penjakit apa sadja, seperti sakit kentjing, syphilis (radjasinga), penjakit koelit, sakit astma (mengi), perempoean kotoran koerang baik dan segala roepa penjakit jang lain lain. Semoea djadi baik zonder operatie.

**Toko Boekoe**
**TROMP DE HAAS**
voorheen toko **WEBER**
**DJALAN STATION No 12. TELF. No 13.**

Sajagi roepi-roepi: **Vulpen houder** sareng parabot **sakola** sareng **Kantor** Ngitjal **penmas** pikeun vulpen.

taoen 1926 menoeroet bisloeit College Gedeputeerden ddo. 21 Juni 1928 No. R. Tas 2/6/20 (Reg: blad 1928 No. 10, katja 221).

b. Bisloeit College Gedeputeerden dari tanggal 15 Juni 1928 No. W Tas 44/3/1, tentang mensahkan atoeran gadjih pegawai kaboepaten Tasikmalaja. (Reg: blad 1928 No. 11, katja 236).

c. Bisloeit College Gedeputeerden dari tanggal 21 Juni 1928 No. Tas 2/6/20, tentang mensahkan begrooting keloearan dan tarimaan kaboepaten Tasikmalaja boeat taoen 1928 (Reg: blad 1928 No. 11. katja 241).

4. Membitjarakan hal peperiksaan oewang, jang telah didjalankan oleh lid College Gecommitteerden. toean G. A. F. Altmann pada tanggal 14 Juni 21 Juni dan 4 Juli 1928 dari Wd. Directeur Regentschapswerken dan kashouder Regentschap (akan diterangkan pada persidangan).

5. Membitjarakan dan menetapkan rerantjang-peratoeran, dari hal banjaknja, mengangkat dan melepasnja poenggawa desa dan keoentoenganuja masing masing di dalam kaboepaten Tasikmalaja (Reg: blad 1928 No. 12, katja 257).

6. Membitjarakan menetapkan rerantjang peratoeran dari hal roemah tangga desa di kaboepaten Tasikmalaja (Reg: blad 1928 No. 12 katja 263).

7. Membitjarakan permoehoenan B. P. M. minta idin boeat memperdirikan benzinetank di depan toko Beng dalam kota Tasikmalaja (Reg: Blad 1928 No. 9 katja 200).

8. Membitjarakan permoehoenan B. P. M. di Weltevreden minta idin boeat memperdirikan benzinetank di dalam kota Tasikmalaja di depannja soesiteit Galoenggoeng (Reg: Blad 1928 No. 10, katja 205).

9. Voorstel memberi koeasa kepada College Gecommitteerden boeat menselessaikan permintaan tanah, teroetama sekali tentang permoehoenan erfpacht, eigendom dan opstal (Reg: Blad 1928 No. 10, katja 210).

10. Voorstel membekaskan aanslag mendjoeal minoeman keras taoen 1928 poenja Jo Ie Tjeng, beroemah di Tjihideung Tasikmalaja (Zeg. Blad 1928 No. 10 katja 213).

11. Membitjarakan permoehoenannja B. P. M. minta idin memperdirikan benzinetank di aloen-aloen kota district Singaparna (Reg: Blad 1928 No. 10, katja 216).

12. Membitjarakan dan menetapkan peratoeran menentoekan hal model soerat penagihan paksa oentoek menagih padjeg „Vergunningsrecht" dalam kaboepaten Tasikmalaja Reg: blad 1928 No. 10 katja 218).

13. Menerima baik hal mengangkat toean A. L. Gerrits boeat sementara waktoe, sebagai Hoofdopzichter di Regentschapswerken (Reg: blad 1928 No. 11, katja 245).

14. Menerima baik bisloeit bisloeit College Gecommitteerden dari tanggal 15 Juni 1928 No. 37/235/2/ R. R. dan dari tanggal 15 Juni 1928 No. 38/236/2/ R. R. tentang memberi autovoorschot kepada toean Directeur Regentschapswerken, jang baharoe diangkat itoe sd. f 750. dan membajarkannja oewang sebanjak itoe dari post onvoorziene uitgaven (Reg: blad 1928 No 11, katja 232).

15. Voorstel memberi oepahan boeat menarik padjeg regentschap kepada pegawai Negeri dan pegawei regentschap (Reg: blad 1928 No. 11, katja 238).

16. Membitjarakan hal merobah peratoeran gadjih Ambtenaar ambtenaar regentschap Tasikmalaja (Reg: blad 1928 No. 11. katja 242).

17. Membitjarakan lagi hal menerima baik poetoesan desa Batoelawang, district Karangnoenggal minta tambah banjaknja poenggawa desa (Reg: blad 1928 No. 2 katja 67).

18. Hal menerima poetoesan desa Tjitanteng, district Karangnoenggal, dari hal menambah banjaknja poenggawa desa (Reg. blad 1928 No. 10 katja 208).

19. Membitjarakan dan menetepkan rarantjang bisloeit hal af-dan overschrijvingen dari artikel 12, 54 dan 73 kepada artikel 12, 3, 4, 14, 15, 43, 55 dan 57 boeat taoen 1928. (lampiran I Reg: blad 1928 No. 12).

20. Membitjarakan dan menetepkan rerantjang - bisloeit merobah begrooting keloearan dan tarimaan oentoek jaitoe artikel 12 72a, 72b, 9, 26. 44, 73, 10, 11 dan 13 dan dari hal tarimaan, jaitoe onderdeel-onderdeel 5, 6, 8, 9, 10, 12, 14, 19, 21a, 21b dan 21 (Lampiran II Reg: blad 1928 No. 12).

De Regent van Tasikmalaja,

**WIRATANOENINGRAT.**

---

## Lezingna D. K. Ardiwinata 22 Juli 1928.

**Bab paedahna poeasa.**

Noemoetkeun tjariosan toekang sadjarah, noe aja keneh saksi-saksina dongkap ka ajeuna, anoe mimiti ngadjarkeun agama Islam di Djawa djenenganana Sech Malik Ibrahim, atawa sok diseboet oge Maulana Magribi, poepoesna taoen 1419 koeboeranana di djero masdjid di Gresik. Ari noe mimiti ngadjarkeun agama Islam di Pasoendan nja eta Soenan Goenoeng Djati, poepoesna taoen 1570, padjaratanana di Goenoeng Semboeng, deukeut Goenoeng Djati kalereun Tjirebon.

Ningal kana taoen-taoen noe disebatan bieu, tetela pisan jen oerang Djawa njekelna agama Islam kakara 500 taoen bae. leuwih saeutik ari oerang Soenda mah 400 taoen oge koerang.

Samemeh oerang Poelo Djawa asoep Islam, geus njekel agama Hindoe, iilana kira-kira, geus 1200 taoen.

Di bangsa Hindoe djelema teh dibagi 4 bagian:

1. **Brahmana,** nja eta djelema-djelema anoe pagaweanana woengkoel ngoeroeskeun djeung ngoelik agama bae. Tina eta bangsa dipilih djelema anoe baris djadi goeroe agama.

2. **Bangsa Satria,** nja eta djalma-djalma anoe djadi menak djeung perdjoerit poerah marentah nagara djeung ngoeroes peperangan.

3. **Wesja,** nja eta bangsa soedagar, patani, patoekangan, poerah ngala laoek, tjindekna djalma-djalma anoe pagaweanana woengkoel ngoeroeskeun redjeki djalan kahiroepan.

4. **Bangsa Soedra,** nja eta klas djelema anoe panghaddap-handapna, anoe didjieun poerah poerah, dianggap na teu sakoemaha beda ti sato nepi ka lamoen maehan djelema anoe kitoe, teu dianggap dosa gede. Kalolobaanana djelema anoe kitoe teh asal djelema tataloekan atawa bojongan.

Sanggeus Poelo Djawa diparentah koe bangsa Hindoe, eta atoeran ngelas ngelas djelema diterapkeun di dieu. sarta somahanana oerang dieu diasoepkeun kana bangsa Soedra.

Lamoen koe oerang diawas awas, sanadjan ajeuna seseboetan kitoe geus teu kalampah, ari babagianana mah nja masih aja.

Dina eta bahagian koe oerang kanjahoan jen Brahmana atawa noe poerah ngoeroes agama tea djaman barita di Hindoe didjieun klas hidjina, leuwih loehoer manan noe djadi menak, anoe matak nepi ka ajeuna masih aja keneh kapertjajaan jen noe wadjib disembah teh: goeroe, ratoe, wong atoea karo. Agama teh katjida pisan dimoeljakeunana, sabab barita teu aja deui kapinteran, lian ti agama.

Lain bae di Hindoe djelema ngagoengkeun kana agama, tapi di sakoeliah alam doenja oge nja kitoe.

Kantenan sadaja masih keneh eling koemaha kakawasaanana Paus atawa kapala agama Cristen di Rome, waktoe perang Kruistochten taoen 1096-1290, perang agama Christen djeung Islam, nepi ka eta Paus kawasa marentah ka sakabeh radja radja di Europa koedoe marlioe perang ka Palestina ngareboet masdjidil akso ti tangan oerang Arab.

Oerang poelo Djawa oge nja kitoe baheula mah pohara ngagoengkeunana kana agama, boh agama Hindoe, boh agama Islam, tapi kabehdieunkeun beuki tjebleb beuki tjebleh, nepi ka loba noe teu pertjaja sama sakali kana Agama.

Alam ajeuna di Djawa djelema teh dibagi tiloe kelas:

*Samboengeun.*

---


**Toko KHOUW SIAUW SENG**
**(Toko BENG).**

**Tasikmalaja Telefoon No. 2.**

Sajagi Kareta Mesin Simplex sareng sanes-sanes Merk Europa, Band-band Auto Merk Goodrich, Michelin. Goodyear, Dunlop, sakalian sareng parabot pikeun Auto (onderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) saperti Beureun. hedjo, blao, koneng kolot, bodas sareng nganggo strip roepa-roepa, aja deui anoe nganggo leter monogram koe aer mas, sae pisan pikeun soepenier.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch), anoe marodel, roepa-roepa lampoe batre, anoe parantos kasohor kakoewatanana, dina waktoe ajeuna keur rame pisan anoe ngaranggo bedil angin (windbuks) pikeun plesiran, nja eta keur bladjar nembak atawa keur manoek, badjing, tjareuh, ganggarangan anoe sok ngaroeksak kana pipiaraan, heulang. kalong, sareng sadjabi ti eta sato sato anoe ngaroeksak, tangtos tiasa kenging koe B. S. A. tea

Lantaran teu nganggo vergunning, noe mawi di sajagikeun njondong roepi² anoe kaliber $5^1/_2$ sareng $4^1/_2$, nja eta merk B. S. A. anoe mashoer kakiatanana sareng saena, pelorna sajagi tjoekoep, sadjabi ti eta, sajagi roepi roepi Eetservies (stelan piring makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjeng) Wesminster, erlodji anoe sarae, peso silet peso tjoekoer goenting mesin anoe parantes mashoer kasaeanana, njondong roepi roepi oekoeran filter (saringan tjai) pikeun ngadjagi kawarasan, atawa kasehatan.



**TOKO KHOUW SIAUW SENG**
**(TOKO BENG)**

**Tasikmalaja**

Djaman kamadjoean, kitoe deui ajeuna pikeun ngentengkeun kana perdjalanan, disajagikeun Autobus anoe brangkat ti

Tasikmalaja djam $^1/_2$6 Bandoeng, djam 12

(via Limbangan—Malangbong)

Tasikmalaja ± djam 3 endjing noe mios ka Cheribon.

„ „ „ 8 siang noe mios ka Cheribon

ti Cheribon ka Tasikmalaja

± djam 4 endjing mios ka Tasikmalaja

± „ 8 siang „ „ „

ti Tasikmalaja ka Garoet

Tasikmalaja ± djam 7 endjing dongkap ka Garoet djam 10

Garoet ± djam 1 siang dongkap ka Tasikmalaja djam 4

ti Tasikmalaja ka Karangnoenggal

± djam 6 mios ka Karangnoenggal

± „ 9 „ „ „

± „ 1 „ „ „

ti Karangnoenggal ka Tasikmalaja

± djam 6 endjing mios ka Tasikmalaja

± „ 9 „ „ „ „

± „ 1 siang „ „ „

Sadaja autobus brangkatna ti pajoeneun toko BENG.



NEMBE PARANTOS DITJITAK

boekoe

**„DJODO NOE DIDAGO-DAGO"**

Ieu boekoe sanes bae eusina anoe sae teh, nanging potongan boekoena oge, teu kinten loetjoena, toeroeg-toeroeg nganggo gambar anoe teu kinten manisna.

Oepami parantos ningali ieu boekoe, tangtos pisan seueur anoe njebatkeun mirah teuing henteu ninggang kana pangaosna anoe moeng f 0,50 mapan kandelna oge parantos aja 79 katja. Komo deui ieu mah dikarangna oge koe kokodjo Pag. Pasoendan, Djrg. Bakrie Soeraatmadja tea.

Soepados oolah doegi ka seepeun, mangga enggal ngintoenkeun postwissel f 0. 55 atanapi postzegel anoe sami pangaosna. Kantenan Djoeragan tiasa nampi ieu boekoe di boemi, teu kedah majar deui,

Anoe ngadjeng-ngadjeng

**Boekhandel en Drukkerij „Economij"**

**Kaoem No. 34, telefoon No. 1390**

**BANDOENG.**



Di Regentschapswerken Tjiamis aja lowongan pangkat Adspirant—Opzichter. Gadjih noeroetkeun Regentschaps Bezoldiging Verordening Schaal B. 12 Kolom I (Provinciale Bezoldigings Verordening Pasoendan Schaal B. 12 Kolom I).

Anoe ngalamar kedah ngintoenkeun rekest dina zegel disarengan koe diploma pikeun eta padamelan sareng verklaring-verklaring.

Tjiamis, 21 JULI 1928.

Boepati Tjiamis,

**SASTRAWINATA.**



**Toko BOEKOE en DRUKKERIJ**

**Tjitandoej v/h Pasoendan**

**Tasikmalaja.**

Pangaos boekoe boekoe dimirahkeun, pangadjaran pangadjaran H. I S. sareng sakola II sajagi, ti Bale Poestaka sareng wedalan Toko boekoe noe sanes sanes.

Nampi tjitakeun ageung alit.

| | |
|---|---|
| Wawatjan Satria Toenggara | f 0.75 |
| „ Loekmanoelhakim | f 0.75 |
| „ Wajang Poerwa III | f 1.25 |
| „ „ „ I | f 1.25 |

Poendoet daptarna.



**TEGEL FABRIEK**

**„NAJA"**

Goenoengsabeulah Tasikmalaja.

—o—

Sajagi roepi roepi tegel, beton buizen (koeloewoeng) sareng beton roosters.

Pangaos sareng kakiatan di tanggel ngabingahkeun. Prijs lijst sareng monster tiasa di poendoet gratis.

Noe ngadjeng ngadjeng

**S. Najawilaga.**



**ROBINON** **ROBINON.**

Jang amat perloe disediakan di dalem semoea roemah tangga! jang amat perloe boeat orang toea atawa moeda:

**„ROBINON"**

**HUID- en WONDOLIE**

Minjak obat boeat SEGALA penjakit koelit dan SEGALA — loeka-loeka, besar ketjil. —

(Koelitnja digosok, loekanja ditetoes sadja sama kapoek — pake minjak. —

**ROBINON** tida ada lagi dari **ROBINON**

Satoe minjak jang ditanggoeng pasti dan dapet menjemboehken roepa-roepa penjakit koelit dan keroeksakan daging.

Harga satoe flacon 10 Gram . . . . f 0.25

20 „ . . . . f 0.50

30 „ . . . . f 0.75

Pembeli boeat djoeal lagi dapet korting dari 10% sampe 30%.

**Fabriek „ILTA"**

TASIKMALAJA.

Bisa dapet beli dari OEIJ HAN LIE Batikhandel Tasikmalaja.

**Djoega sedia tempat sirih harga per stel f 15.**





**Ketoe Oedeng Makerij**

**HALIM**

**West Pasar straat 16 Bandoeng**



Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng sateraana noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—

1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Oepami oedeng Dubbel tambih f 0,50. Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2.60 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan ngangge. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

**Prijscourant teu sajagi.**



**INGENIEURS en ARCHITECTEN BUREAU.**

**Ir. Soekarno en Ir. Anwari.**

**Regentsweg 8, Bandoeng.**

Nampi saniskanten padamelan anoe nganggo projekten pikeun saniskanten adegan, kajaning roemah—fabriek—goedang—masigit—djambatan sareng sadjabina ti eta, ti noe PANG ALITNA doegi ka noe PANG AGEUNGNA.